

Pandan de (2) dènye semèn yo, nou te aplike restriksyon konsiderab atravè Delaware pou evite pwopagasyon kowonaviris (COVID-19). Objektif nou yo senp: Nou vize pou n limite pwopagasyon COVID-19 lan, evite yon ogmantasyon nan ka kote sistèm lopital nou yo pap ka jere l, epi kenbe kominote Delaware yo ansante.

Nou konnen n ap viv yon moman inabityèl ak difisil. Mwen vle remèsye fanmi Delaware yo, edikatè, ak lidè lekòl yo pou tout travay yo nan kenbe moun Delaware an sekirite ak an sante.

Nan dat 13 Mas, apre yon diskisyon konsiderab ak direktè ak lidè lekòl a chat yo, mwen te òdone pou lekòl piblik fèmen jiska Vandredi 27 Mas la. Objektif peryòd de (2) semèn sa a se te pou ede lidè lekòl yo ak edikatè yo planifye pou pwochen etap. Nou te pase yon pati konsiderab nan semèn pase ap diskite sou plan pou aprantisaj adistans, livrezon manje, ak lòt sèvis sosyal.

Timoun Delaware toujou merite aksè ak opòtinite aprantisaj pandan tan inabityèl sa a. Epi gen fanmi ki depann de sèvis sosyal nou ofri nan lekòl piblik nou yo. Aswè a, mwen ka pataje sa k ap swiv la a:

- Lekòl distri ak lekòl a chat ap rete fèmen jiska 15 Me.
- Lekòl distri ak lekòl a chat yo ap ofri etidyan yo aksè kontini ak manje.
- Lekòl distri ak lekòl a chat yo pral travay ak anlwaye yo pou kreye plan enstriksyon adistans pou etidyan yo ka kontinye aprann pandan kriz sa a. Depatman Edikasyon (Department of Education) an genyen tou yon lis [aktivite aprantisaj](#).
- Gen anpil chans pou yo ajiste kalandriye eskolè a pou ale pi lwen pase lè li te planifye pou l te fini an.
- Si sa posib, nou espere pou n ofri etidyan yo enstriksyon, sèvis global, aktivite paraskolè, ak eksperyans espò depi lekòl vin rebran.
- Sekretè Edikasyon, Doktè Susan Bunting vize rekòmande padon bay Komite Edikasyon Eta (State Board of Education) a pou pyès lekòl distri oubyen lekòl a chat pa kontinye travay pi lwen pase fen mwa Jen.
- Nou te prezante yon ekzonerasyon bay Depatman Edikasyon Etazini (U.S. Department of Education) pou mande Delaware pa pran yon evalyasyon ak ekzijans responsabilizasyon pou ane lekòl 2019-2020. Pandan nou kwè solidman nan mezire rezilta, nou vle itilize kèlkeswa tan ki rete nan kalandriye eskolè ane sa a pou enstriksyon etidyan yo.

Pandan n ap aprann plis sou COVID-19, nou pral kontinye pran mezi ki nesèsè pou kenbe moun Delaware an sekirite ak an sante. Nou pral rete angaje nan kominike dirèkteman ak lidè lekòl ansanm ak kominote ou yo konsènan repons nou, ak chemen avansman pou eta nou an.

Mèsi pou travay ou, pou konpreyansyon w, epi pou fleksibilite w pandan moman difisil sa a. Tanpri vizite, de.gov/coronavirus pou mizajou kontini sou repons Delaware. N ap rive rezoud sa a.

Sensèman,

Gouvènè John Carney